



NEWS RELEASE

Nòt pou Laprès

CONTACTER : Marie Rosy Kesner AUGUSTE DUCENA
PHONE : (509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192
Cell : (509) 3782-2897

Ankèt Lapolis jidisyè sou trafik zam ak minisyon : RNDDH bat bravo pou jefò DCPJ yo

1. RNDDH ap swiv avèk anpil atansyon ankèt DCPJ ap mennen sou tout kagezon zam ak minisyon yo sezi oubyen yo dekouvri nan Pòdepè, nan depatman Nòdès ouswa nan Pòtoprens nan depatman Lwès.
2. RNDDH panse jefò DCPJ yo merite yon gwo kout chapo nan yon moman kote peyi a chaje ak gang epi yon gwoup moun ap fè lajan nan trafik zam ak katouch. Poutan, popilasyon an pa janm sispann konte kadav ni yo pa janm sispann sibi vye zak anba men bandi ak zam ki chak jou ap vin pi mechan.
3. Nan sans sa, RNDDH ap fè nou sonje depi 2018 pou rive jouk jounen jodia, gen pou pi piti 16 masak ak atak gang ki fèt nan plizyè komin nan depatman lwès la. Nan 2 dènye masak ki sot genyen nan Laplèn ak nan Site Solèy, gen plis pase 500 moun ki pèdi lavi yo epi gen pou pi piti 18 fanm ki viktim kadejak. Mete sou tout masak ak atak sa yo, popilasyon an pa sispann sibi zak kidnapinn ak asasinay, sa ki lakoz anpil moun pèdi lavi yo ak byen yo.
4. Jounen jodia, yon santèn gwoup gang ap goumen sou tout peyi a. RNDDH rete kwè tout zak sa yo pa t'ap rive fèt si pat gen anpil moun, sitou sa ki nan gwo pòs nan Leta ki gen men yo tranpe nan trafik zam ak minisyon nan do lalwa.
5. RNDDH ap raple, nan jou ki te premye jiyè 2022 a, ajan dwanye nan Pòdepè yo jwenn yon pakèt zam, chajè ak *san ven mil* (120000) katouch pou gwo zam nan *san senkansèt* (157) kès. Zam ak katouch sa yo soti nan Florid sou yon bato ki rele *Miss Lili One*.
6. Menm jou ki te premye jiyè 2022 a, lapolis arete Fritz Jean RELUS ki te responsab pou resevwa yon pati nan kagezon an epi pote yo Pòtoprens.

7. Nan dat 5 jiyè 2022 a, yo te fouye bato *Miss Lili One* nan prezans Jonas GEORGES ki se mèt bato a. Pandan fouy la, Jonas Georges te vrèman deranje epi li di li te peye madam Nadège Rebecca ETIENNE ki se direktis dwàn nan ase lajan pou l pat gen pwoblèm sa yo. Menm jou a, lapolis te arete Jonas GEORGES pou asosyasyon malfèktè ak trafik zam nan do lalwa.
8. Nan demen, komisè gouvènman nan pakè tribinal premye enstans Pòdepè a ki se Michelet VIRGILE te bay lòd pou mennen ba li Fritz Jean Relus ak Jonas GEORGES. Lè yo rive, komisè a lage tou de mesye yo. Daprè enfòmasyon ki rive jwenn RNDDH, gen plis pase *desan mil* (200.000) dola vèt ki distribye bay plizyè manm nan aparèy jidisyè Pòdepè a pou yo te ka libere mesye yo.
9. Nan dat 12 jiyè 2022 a, lapolis te rive arete Michelet VIRGILE komisè gouvènman nan pakè tribinal premye enstans Pòdepè a. Kèk tan apre yo fin arete l', RNDDH aprann Yves-Marie PERICLES dwayen tribinal premye enstans Pòdepè a libere komisè a san ankenn rekèt, san ankenn pwosè vèbal yon jij depè.
10. Menm ministè lajistis ak sekirite piblik pa epanye nan eskandal sa lè RNDDH konsidere manda damne, avi rechèch ak entèdiksyon pou anpeche Mèt Fritz AUBOURG ki se direktè annapre afè jidisyè nan ministè a, kite peyi a pou koripsyon ak asosyasyon malfèktè. San nou pa bliye arestasyon mèt Robinson PIERRE-LOUIS ki se avoka Jonas GEORGES epi manm kabinè Minis Jistis ak sekirite piblik la, Mèt Bertho Dorcé, pou koripsyon ak asosyasyon malfèktè. Sou pwèn sa, n'ap souliye deklarasyon komisè Michelet Virgile ki fè konnen Mèt Fritz AUBOURG ak Robinson PIERRE-LOUIS te mete tout fòs yo nan balans lan pou yo te ka jwenn liberasyon Fritz Jean RELUS ak Jonas GEORGES.
11. Yon lòt bò, n'ap souliye enpòtasyon zam ak katouch ki te fèt sou non legliz episkopal nan peyi Dayiti te fè anpil pale sitou lè nou konsidere non moun ki site nan dosye a.
12. RNDDH kwè ensekirite tèt chaje ki tabli sou tout peyi a mande pou limyè fèt sou trafik zam ak katouch nan tout peyi a. Nan sans sa, RNDDH ankouraje DCPJ pou laji ankèt li yo plis sou blanchiman lajan ki gen lyen ak trafik zam ak katouch.
13. RNDDH ap raple DCPJ ankèt yo dwe fèt nan respè dwa garanti jidisyè ak nan diyite moun ki gen non yo site yo.
14. RNDDH envite konsèy siperyè pouvwa jidisyè a pou l mennen ankèt sou dosye sa paske gen anpil moun nan aparèy jidisyè nan jiridiksyon Pòdepè a ki gen non yo site nan skandal sa.
15. RNDDH ak tout popilasyon an ap ret tann rezilta ankèt lapolis jidisyè yo sou tout masak ki fèt nan katye popilè yo.

Pòtoprens, 25 jiyè 2022